Pou Piblikasyon Imedya: 28/01/2021 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

DEKLARASYON KOMISÈ SANTE ETA NEW YORK LA DR. HOWARD ZUCKER

Rapò Biwo Pwokirè Jeneral (Office of the Attorney General, OAG) Eta New York la klè ke pa te gen okenn sou-denonbreman nan kantite lanmò total ki soti nan pandemi sa a ki rive yon fwa chak syèk la. OAG afime ke kantite lanmò total nan lopital ak mezon retrèt yo konplè epi egzat. Depatman Sante (Department of Health) Eta New York te toujou rapòte piblikman kantite moun ki mouri nan lopital yo kèlkeswa rezidans pasyan an, epi rapòte separemen kantite moun ki mouri nan etablisman mezon retrèt yo e li te toujou klè sou nati rapò sa a. Vreman vre, OAG a rekonèt nan yon nòt anba paj nan paj 71 ke DOH te toujou klè ke done yo sou sit entènèt li an gen rapò ak moun ki mouri nan etablisman epi li pa enkli lanmò andeyò yon etablisman. Mo "sou-denonbreman" an enplike gen plis moun ki mouri o total ke sa yo te deja rapòte a; sa ki reyèlman fo. An reyalite, rapò OAG a pou tèt pa li repidye sijesyon ke te gen kèk "sou-denonbreman" nan kantite lanmò total la.

Rapò OAG a sèlman refere li ak kontaj moun ki te nan mezon retrèt yo, men ke yo te transfere nan lopital epi ki te mouri pita. OAG a sijere ke yo ta dwe konte tout kòm lanmò mezon retrèt e non lanmò lopital menm si yo te mouri nan lopital. Sa pa chanje kontaj total lanmò a nan okenn fason, men pito se yon kesyon ki gen pou wè ak repati kantite lanmò yo ant lopital ak mezon retrèt yo. DOH te toujou fè li klè ke yo rapòte chif nou yo sou baz lye lanmò a. DOH pa kontetse ke kantite moun yo te transfere soti nan yon mezon retrèt ale nan yon lopital se yon pwen done enpòtan, epi li sou pwen pou verifye done sa yo nan mezon retrèt yo. Kòm rapò OAG a deklare, rapòte ki soti nan mezon retrèt yo pa konstan e souvan yo pa egzat.

Premye konklizyon Pwokirè Jeneral la sou move zak ke kèk operatè mezon retrèt yo komèt yo kondanab e se egzakteman pou rezon sa nou te mande Pwokirè Jeneral la pou antreprann ankèt sa a anvan. Poutèt sa, DOH kontinye swiv tout akizasyon move kondwit operatè yo epi li ap travay aktivman an patenarya avèk OAG pou ranfòse lwa a kòmsadwa. (paj 17-21)

Konklizyon rapò a selon li menm ke operatè mezon retrèt yo te echwe pou konfòme yo avèk pwotokòl kontwòl enfeksyon Eta a konstan avèk pwòp ankèt DOH la. Rapò a te jwenn ke operatè yo te echwe pou izole rezidan pozitif COVID yo yon fason apwopriye; yo te echwe n teste oswa taneste anplwaye yo yon fason adekwa; yo te fòse anplwaye ki malad yo kontinye travay ak pran swen rezidan yo; yo te echwe nan fòme anplwaye yo nan pwotokòl kontwòl enfeksyon yo; epi yo te echwe pou jwenn, adapte, ak antrene moun kap bay swen ak PPE yo. Echèk sa yo an vyolasyon dirèk ak Lwa sou Sante

Piblik (Public Health Law) ak direktiv DOH yo ke chak operatè mezon retrèt te okouran de yo. Vyolasyon pwotokòl sa yo pa gen eskiz pou yo epi yo pral rann operatè yo responsab. An reyalite, DOH te deja pibliye 140 sitasyon sou kontwòl enfeksyon ak plis pase yon douzèn sitasyon sou danje imedya.

Rapò a tou te jwenn operatè yo an vyolasyon dirèk ak Dekrè Egzekitif ki egzije pou mezon retrèt yo kominike avèk manm fanmi yo an tan reyèl lè te gen yon enfeksyon oswa lanmò ki lye ak COVID-19 nan etablisman an. (paj 36)

Anplis de sa, li idantifye egzanp kote operatè mezon retrèt yo te rapòte diferan enfòmasyon bay DOH answit bay OAG a. Nan limit OAG idantifye sitiyasyon kote operatè mezon retrèt yo soumèt fo enfòmasyon bay Eta, OAG ta dwe kominike eka sa yo bay DOH pou nou ka pouswiv aksyon ranfòsman pou vyolasyon Lwa sou Sante Piblik la. (paj 11) Operatè mezon retrèt yo dwe rapòte enfòmasyon egzat bay DOH oswa fè fas ak penalite sivil oswa kriminèl, e jiskaprezan DOH deja bay anpil etablisman ki vyole obligasyon sa a amann.

Rapò Pwokirè Jeneral la afime tou mezi Eta a pou egzije ogmantasyon tès pou pasyan ak anplwaye yo nan mezon retrèt yo, ranfòse kapasite tès yo yon fason konsiderab, bay DOH anplwaye pou fasilite tès yo, epi ede konble mank anplwaye yo ak pòtay anplwaye Eta a te kontribye dirèkteman nan rediksyon to transmisyon an nan etablisman yo. (paj 35)

Li te afime tou ke memo konsiltatif 25 mas Depatman Sante Eta a te konstan avèk direktiv CMS ak CDC federal la, e an reyalite li te itil nan kominote kote lopital yo te gen rate kabann pandan vag inisyal la. Anplis de sa, rapò OAG pa jwenn okenn prèv ki montre ke yon mezon retrèt te manke kapasite pou pran swen pasyan ki te entène nan lopital yo. (paj 37; paj 72, nòt anba paj 45)

Rapò a OAG afime tou lefèt ke memo 25 mas DOH la pa te yon direktiv kote ke mezon retrèt yo aksepte pasyan COVID ki soti nan lopital yo menm si yo pa te kapab pran swen yo:

> 'Pandan ke gen kèk kòmantatè ki te sijere ke direktiv 25 mas DOH la se te yon direktiv kote mezon retrèt yo ka aksepte pasyan COVID-19 menm si yo pa te kapab pran swen yo kòmsadwa, yon entèpretasyon tankou sa ta vyole lwa ak règleman ki mete obligasyon sou mezon retrèt yo pou pran swen rezidan yo. Pa egzanp, lwa New York egzije yon mezon retrèt dwe "aksepte epi kenbe sèlman rezidan ke yo ka bay bon jan swen". Gade 10 NYCRR § 415.26(i)(1)(ii). Konklizyon preliminè yo montre yon kantite mezon retrèt ki te aplike direktiv 25 mas la avèk konpreyansyon evalyasyon fondamantal sa a.' (Paj 72, nòt anba paj 45)

Rapò OAG a pa te jwenn okenn prèv tou ki montre ke memo konsiltatif 25 mas DOH la te lakòz moun mouri davantaj nan mezon retrèt yo. An reyalite, yon rapò DOH, ke OAG a te site nan pwòp revizyon li an, te jwenn ke 98 pousan nan mezon retrèt yo te deja

gen COVID nan etablisman yo anvan menm yo te entène yon pasyan ki te soti lopital la. (Paj 34 nan rapò DOH la) Pou site:

> 'Sondaj sou mezon retrèt ke yo te rapòte anvan an pa NYSDOH sou done moun ki entène yo soti 25 mas 2020 - 8 me 2020 te montre ke apeprè 6,326 pasyan COVID-19 ki te entène soti nan yon lopital nan yon total 310 mezon retrèt inik. Done ki ajou kounye a montre ke nan 310 mezon retrèt yo ki te pran nan 6,326 pasyan yo, 304 — oswa 98% — te deja gen COVID prezan nan etablisman an anvan yo te entène yon sèl pasyan pozitif ak COVID ki soti nan yon lopital. Nan tout 304 mezon retrèt yo te gen omwen yon rezidan sispèk oswa yon rezidan ki konfime COVID pozitif, desè konfime oswa prezime desè ki gen rapò ak COVID, oswa yon travayè ki te enfekte anvan yo te entène yon sèl pasyan pozitif ak COVID ki soti lopital. Se poutèt sa, nan ka sa yo, pasyan yo ki soti nan lopital la ke yo te entène pa te entwodwi COVID-19 nan mezon retrèt yo.'

DOH te toujou jwenn anpil enpresizyon lè l ap egzamine done ki pa verifye, e kòm rezilta, kèk mwa de sa DOH te kòmanse yon verifikasyon sou chif moun ki mouri yo ki te rapòte pa mezon retrèt yo pou asire difizyon piblik estatistik sa yo te egzat. Verifikasyon sa a te jwenn enfòmasyon kote yo te endike yon moun mouri alafwa nan yon lopital ak nan yon mezon retrèt, enfòmasyon doub, ak enfòmasyon kote moun nan pa te gen okenn non oswa ki te endike yon dat desè nan yon etablisman anvan yo te entène yo, ak lòt pwoblèm ki sijere ke gen done yo antre ki pa egzat. Pandan mwa ki sot pase yo, DOH te kontakte anpil etablisman endividyèl pou rezoud eka sa yo.

DOH te deklare nan plizyè okazyon ke yo pral pibliye done yo yon fwa ke verifikasyon sa a fin fèt. Malgre ke verifikasyon an rete kontinyèl, done DOH ki verifye jiska dat la montre ke soti nan 1 mas 2020 rive 19 janvye 2021, gen 9,786 moun ki mouri ki konfime yo te asosye ak rezidan Etablisman Swen Enfimye Espesyalize, ki gen ladan 5,957 moun ki mouri anndan etablisman retrèt yo, ak 3,829 nan yon lopital. Sa reprezante 28% nan 34,742 moun ki mouri ki konfime New York yo — sa ki enferyè ak mwayèn nasyonal la. Nasyonalman, Kaiser Family Foundation bay lis 146,888 moun ki mouri nan mezon retrèt, sa ki reprezante 35% nan 423,519 moun ki mouri total ke CDC a te rapòte nan Etazini jiska dat. Lè 2,957 moun mouri prezime nan mezon retrèt ak COVID - moun sa yo ki mouri yo ki te rive lè tès te ra ak te gen mank prèv konfime ke defen ki te gen COVID - yo te enkli, pataj eta nan desè moun ki te mouri nan mezon retrèt yo oswa nan lopital apre transfè se 29,8% nan kantite total lanmò ki konfime ak prezime nan Eta New York ki nan lis CDC a. Pou kontèks, eta ki gen yon ti kras an mwens lanmò total te gen yon kantite lanmò similè ki gen rapò ak mezon retrèt yo, ki gen ladan: Pennsylvania ak 10,287 lanmò mezon retrèt (49% nan lanmò total yo), Florida ak 9,273 lanmò mezon retrèt (35% nan lanmò total yo), Massachusetts ak 7,944 lanmò mezon retrèt (56% nan lanmò total yo) ak New Jersey ak 7,733 lanmò mezon retrèt (36% nan lanmò total yo).

Sa vo lapèn pou note ke rete 13 eta ki rapòte pa rapòte okenn enfòmasyon sou moun ki mouri nan mezon retrèt yo epi sèlman nèf eta, ki gen ladan New York, ki rapòte

moun ki mouri nan mezon retrèt ki COVID 'prezime' e non COVID konfime. Malgre tout bagay sa yo, kantite konfime moun ki mouri nan Eta New York yo rete san chanje 34,742, epi tablodbò piblik COVID New York la kontinye presize aklè ke "done sa yo kaptire lanmò COVID-19 konfime ak lanmò COVID-19 prezime nan mezon retrèt ak nan etablisman swen pou granmoun yo. Done sa yo pa reflete lanmò COVID-19 konfime oswa lanmò COVID-19 prezime pozitif ki te fèt andeyò etablisman an".

Alafen, rapò OAG a demontre ke pwoblèm repetitif nan mezon retrèt yo ak operatè etablisman yo soti nan yon renonsman konplè pa administrasyon Trump lan nan devwa li pou jere pandemi sa a. San okenn pwosesis inifòm oswa mekanis rapò, chak eta rapòte done nan diferan fason. Ak demann done ki sòti nan CMS, HHS ak CDC federal nan divès pwen nan pandemi an te bwouye rapò a nan tout nivo Pa gen okenn satisfaksyon nan lonje dwèt sou epresizyon; chak lanmò ki lye ak maladi terib sa trajik, epi New York te frape pi di ak pi bonè pami nenpòt ki eta akoz rezilta dirèk neglijans gouvènman federal la. Toujou gen yon kriz kontinyèl ke yo ap jere ak envestige aktivman epi n pral revize rès rekòmandasyon yo pandan n ap kontinye goumen ak tout resous ak byen pou pwoteje tout Nouyòkè yo kont flewo COVID la.

Tout bagay sa yo konfime ke anpil operatè mezon retrèt yo te fè erè grav epi yo pa te byen prepare pou pandemi sa a, epi refòm yo nesesè, se pou rezon sa nou te pwopoze refòm radikal pou sipèvize etablisman mezon retrèt yo nan Bidjè Eta ane sa a. Nou pral fè tout sa ki depann de kapasite nou pou adopte refòm sa yo ane sa a. Sa a se toujou yon kriz kontinyèl epi nou pral kontinye deplwaye tout resous posib pou asire sante ak sekirite chak New Yorkè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU